

Pare Pou Lwe:

Konsèy Finansye Pou Lojman Pa Twò Chè #ReadytoRentNYC

Èske ou te
Konnen?

- Anpil Rezidan New York depanse plis pase mwatye nan revni yo nan lwaye.
- Kredi ou afekte aplikasyon ou pou lojman ki pa twò chè.
- Konsèy finansye kapab ede ou soumèt yon aplikasyon pou lojman ki pi solid.

Minisipalite Vil New York la bay konsèy finansye gratis, fas-a-fas, bay rezidan New York k ap lwe yo!

Si w ap chèche yon apatman ki pa twò chè, kite nou ede ou:




Amelyore
kredi ou




Kreye yon bidjè
pou kay ou



Redwi
dèt ou



Ekonomize
pou ou bwote



Kalkile revni ou
pou aplikasyon

Pran yon randevou jodiya!



Vizite tab Ariva a apre evènman Anbasadè Lojman an.



Ale sou nyc.gov/housing-ambassadors pou kontakte yon Anbasadè Lojman.



Rele 311 epi mande "Financial Counseling for Affordable Housing."

NYC
Office of the Mayor

Consumer Affairs
Lorelei Salas
Commissioner

Department of Housing Preservation & Development
Maria Torres-Springer
Commissioner



Pwogram sa a se Depatman Zafè Konsomatè ak Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (HPD) nan Vil New York ki opere li, nan yon kolaborasyon ak Ariva. Nou vle fè ou konnen konsèy finansye pa afekte plasman ou nan okenn lotri lojman ki pa twò chè, men li kapab mete ou nan yon pi bon pozisyon pou jwenn lojman ki pa twò chè. Pwogram Anbasadè Lojman HPD a se yon rezo ajans sèvis nan kominote a ki ka ede ou jwenn ak aplike pou lojman ki pa twò chè. Sa a se yon adaptasyon Ready, Set, Apply!, ki te fèt grisa yon kolaborasyon ak Center for Urban Pedagogy, konsepsyon pa Maison Papercut, epi ilustrasyon pa Rebecca Clarke.